



Pou Piblikasyon Imedya: 09/28/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$350,000 NAN FINANSMAN KI DISPONIB POU OGMANTE ITILIZAYSON MANJE KI PWODUI LOKAL NAN LEKÒL YO

Pwogram Fèm a Lekòl la ap ede distri lekòl yo achte epi sèvi bon jan kalite pwodui fre nan Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon nouvo opòtinite finansman pou distri lekòl yo nan Eta New York ki vize pou konekte yo a agrikiltè lokal ak pwodiktyè yo pou ogmante itilizasyon pwodui spesyalite yo ki grandi lokalman. Grasa pwogram Fèm a Lekòl, \$350,000 nan sibvansyon kounye a disponib pou pwojè yo ki pral ede lekòl Pre-matènèl jiska 12^{yèm} ane achte epi sèvi bon jan kalite manje ki grandi lokal sou meni lekòl yo.

"Pwogram Fèm a Lekòl la se yon viktwa ki sipòte agrikiltè New York yo ansanm avèk asire itilizasyon manje fre, bon jan kalite nan repa lekòl yo toupatou nan eta," **te deklare Gouvènè Cuomo**. "Lè nou bay finansman pou pwojè enpòtan tankou fòmasyon ak ekipman, nou ka ede ranfòse endistri agrikòl nou an epi devlope yon New York ki pi ansante."

Pwogram Fèm a Lekòl la vize pou devlope ak ranfòse koneksyon ant fèm ak lekòl yo pou ede devlope ekonomi agrikòl la epi ogmante kantite ak varyete rekòlt spesyalite ke lekòl yo achte pou opsyon manje ki pi bon kalite. Eta New York pwodui yon laj varyete rekòlt spesyalite, tankou fwi ak legim, fwi sèk, fèy ak epis, sa ki klase otman nan peyi a an tèm valè alafwa nan pwodiksyon ak ekonomi.

Aplikasyon yo pou pwogram nan ka gen ladan otorite manje lekòl pre-matènèl jiska 12^{yèm} ane, lekòl chatè yo, lekòl non pwofi yo ansanm avèk lòt antite kap patisipe nan Pwogram Nasyonal Dejene oswa Dine Lekòl ak/oswa kap fonksyone pwogram sèvis manje Ete.

Pwojè yo ki kalifye pou sibvansyon finansman nan distri lekòl New York yo ka gen ladan:

Anplwaye yon kowòdonatè lokal oswa rejyonal fèm a lekòl.

☐☐Pwogram fòmasyon pou anplwaye sèvis manje yo pou ogmante konesans yo sou akizisyon lokal ak preparasyon pou rekòlt spesyalite ki pwodui lokalman.

☐☐Achte ekipman ki nesèsè pou ogmante kapasite kwizin lekòl yo ak anplwaye sèvis manje pou prepare epi sèvi lokalman rekòlt spesyalite yo ki fèt lokal.

☐☐Amelyorasyon kapital pou sipòte transpòtasyon ak/oswa stokaj rekòlt spesyalite ki fèt lokal.

Pwogram Fèm a Lekòl la te premye anonse nan kad pwogram Kapital pou yon Jou Gouvènè Cuomo nan Rochester, sa li te kreye pou pote gouvènman eta dirèkteman bay moun lap sèvi yo. Aktivite yon jounen an te fè patenarya avèk ofisyèl eta, rezidan, lidè lokal yo ak entèvenan yo pou egzamine premye men bezwen yon kominote ak kijan gouvènman Eta New York ka bati sou pwèn fò l epi fè yon enpak pozitif sou rezidan li yo.

Komisyone yo ki te soti nan Depatman Agrikilti ak Mache, Sante ak Biwo Sèvis Jeneral te rejwenn lidè yo nan New York Apple Association, Farm Fresh First, Empire Potato Growers ak New York State Vegetable Growers Association, Brockport School District ak Sèvis Sipò Lekòl Vil New York, pou diskite sou ogmantasyon akizisyon pwodui manje Eta New York yo nan plis pase 700 lekòl nan New York. Diskisyon an te pote sou sistèm livrezon pwodiktè yo ak pwosesis acha ak bezwen distri lekòl yo, ak fason pou rann li pi fasil pou mennen toulède ansanm.

Komisyone Agrikilti Eta New York Richard A. Ball te deklare, "Nou tap travay di pou jwenn fason pou ranfòse koneksyon ant agrikiltè nou yo ak lekòl New York yo nan tout eta, e pwogram Fèm a lekòl la te ba nou yon kòmansman fòmidad. Nou pa sèlman vle ke timoun lekòl nou yo gen aksè a bon jan kalite manje fre, men tou ke yo konnen ki kote manje yo soti. Nouvo pwogram sa a pral ede simonte kèk nan difikilte lekòl yo ka fè fas nan sous pwodui lokal yo epi fè li vin pi fasil pou yo ogmante itilizasyon manje ki grandi lokalman nan New York dirèkteman nan men kiltivatè a."

Komisyone Sante Eta New York Dr. Howard Zucker te deklare, "Grasa pwogram sa a, timoun lekòl New York yo pral rekòlte benefis ki vini avèk manje pwodui fre eta nou an. Pwodui ki fèt lokal se toujou pi bon opsyon nan tèm pou jwenn sibstans nitritif maksimòm. Eta nou an gen chans pou l genyen yon kalite divèsite konsa nan fwi ak legim, sa ki esansyèl pou yon rejim ansante."

Komisyone Biwo Sèvis Jeneral Eta New York RoAnn M. Destito te deklare, "Sibvansyon sa yo pral non sèlman ogmante kantite pwodui fre fwi ak legim ki grandi lokal ki te sèvi nan lekòl nou yo, yo pral ede reyalize objektif Gouvènè Cuomo pou bay plis opòtinite pou ti konpayi ak gwosè mwayèn yo nan endistri agrikòl la pou fè biznis nan New York. Nap rete tann pou pwogram sa ale delavan toupatou nan eta pandan ane lekòl 2015-2016 la."

Jim Liebow, Lidè Eta New York pou Rezo Nasyonal Fèm a Lekòl ak Direktè Sèvis Manje nan Distri Lekòl Brockport Central te deklare, "Fèm a Lekòl ap ogmante nan tout Eta New York. Direktè Sèvis Manje ap gade benefis pozitif pou devlope sous yo lokalman nan pwogram Fèm a Lekòl pou nourri elèv yo epi ede yo grandi ak aprann. Sipò ki soti nan men Gouvènè Cuomo ak Komisyone Ball ap ede pote ekipman ki nesèsè, fòmasyon ak rekonpans finansye pou distri sa yo kòmanse, kenbe epi devlope pwogram Fèm a Lekòl yo. Agrikilti nan tout fòm se yon pati entegral nan ekonomi New York e distri lekòl yo ka sètènman ede nan misyon sa a."

Raymond Denniston, Kowòdonatè Spesyal pou Sèvis Manje nan Broome-Tioga BOCES te deklare, "Sibvansyon Fèm a Lekòl la se yon gwo opòtinite pou lekòl ki enterese yo ak kominote a pou defini posibilite yo epi adrese defi pou kreye yon pwogram Fèm a Lekòl ki reyisi."

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sibvansyon Fèm a Lekòl la, klike [la](#).

Tout patisipan yo dwe anrejistre epi aplike atravè pòtal sibvansyon an [la](#) epi itilize Pwogram Idantifikatè "FTSCG."

Delè pou aplike se 4:30 p.m. nan dat 19 oktòb. Yap bay prim yo nan dat novanm 2015.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418